# Maithili (Sub.)

**उत्तर तिरहुता अथवा देवनागरी मे लिखू।** LNMUonline.com

1. निम्नलिखित प्रश्नक उत्तर दिअ :

(क) 'अमर' जी द्वारा सम्पादित अहाँ कौन पाठ्यपुस्तक पढ़ैत छी?

(ख) 'रेखाचित्र' गल्प संग्रहक रचयिता के छथि?

(ग) श्री जीवकान्तक कोन कथा-संग्रह अहाँ पढ़ैत छी?

(घ) 'सन्तान' अथवा 'शहर' शीर्षक कथा कोन पोथी मे अछि?

(ङ) मायानन्द मिश्र अहाँक कोन पाठ्यपुस्तकक सम्पादक छथि?

(च) 'स्वातन्त्रय स्वर' कत' सँ प्रकाशित भेल अछि?

(छ) 'किसुन' कोन कविक उपनाम थीक?

(ज) 'यात्री'क नाम सँ कोन कवि प्रख्यात छथि?

(झ) 'कवीश्वर' कोन कविक नाम सँ पहिने लगाओल जाइछ?

(ञ) प्रो. उमानाथ झाक 'रेखाचित्र' मे गल्पक संख्या कतेक अछि?

2. निम्नलिखित कोनो तीन प्रश्नक उत्तर लिखू :

(क) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'क कृतित्वक संक्षिप्त परिचय प्रस्तुत करू।

(ख) 'स्वातन्त्रय स्वर'क आधार पर 'अमर'जी काव्य-प्रतिभाक मूल्यांकन करू।

(ग) 'किसुन रचनावली'क वैशिष्ट्य सँ अवगत कराउ।

(घ) 'रेखाचित्र' गल्प संग्रह मे संग्रहित 'दीक्षान्त समारोह' अथवा 'प्रहेलिका' गल्पक समीक्षा करू।

(ङ) 'वस्तु' कथा संग्रहक 'सन्तान' अथवा 'बिहाड़ि' कथाक सारांश लिखू।

(च) 'स्वातन्त्रय स्वर' मे संग्रहित भोलालाल दासक 'युवक' शीर्षक कविताक उद्देश्य सँ अवगत कराउ।

3. निम्नलिखित कोनो दूटाक सप्रसंग व्याख्या करू :

(क) 'न्यायक भवन कचहरी नाम।
सभ अन्याय भरल तेहि ठाम।।
सत्य वचन विरले जन भाष।
सभ मन धनक हरन अभिलाष।।'

(ख) 'जग मे सभ सौं पछुआयल छी,
मैथिल गण ! आबहु आगू बढ़ू।
निज अवनति-खाधिक बाधक मै
मिलि उन्नति-शिखरक उपर चढ़ू।।'

(ग) 'आ' फेर ? हाड़ सँ सटल मांस, घोकचल चाम, पाकल केश, दाँत हिलैत ओ टूटल। स्नायु शिथिल। शक्ति क्षीण। जीवनक तृतीयक प्रहर, म्लान कुसुम, धूमिल चित्र ..... अन्त मे रोगशय्या, वैद्य, औषध, मृत्यु।'

(घ) 'मोटियाक कपार पर पेटी-बाकस, बोड़ाक छेंट लदने, ढेनमा-ढेनमी कें आंगुर धरौने, लेन-गेद कें कान्ह-काँख मे सटने, जनी-जाति कें हँकने, यात्री सभ लाइन पर राखल पजेबाक गेंट कें आश्चर्य सँ देखैत बढ़ि जाइत छल।'

4. निम्नलिखित कोनो दू अलंकारक सोदाहरण परिभाषा लिखू :

(क) उपमा (ख) रूपक (ग) उत्प्रेक्षा (घ) विभावना (ङ) विशेषोक्ति

LNMUonline.com